

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

# 5YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION

SOCIAL STUDIES—GRADE 5

MULTIPLE-CHOICE AND CONSTRUCTED-

RESPONSE QUESTIONS

BOOKLET 1

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

KESYON AK PLIZYÈ CHWA EPI AK REPONS ÒGANIZE

15 NOVANM 2006

Non elèv la \_\_\_\_\_

Non lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt majiskil sou liy ki anwo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan ti liv sa a; Twazyèm Pati a nan Dezyèm Liv la.

**Premye Pati** a gen 35 kesyon ki gen plizyè chwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye apa. Sèvi ak yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

**Dezyèm Pati** a gen plizyè kesyon ki merite yon repons kout. Ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a nan espas ki la pou sa nan ti liv sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Premye Liv la.

**PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W VIRE L.**

Copyright 2006

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

THE STATE EDUCATION DEPARTMENT

ALBANY, NEW YORK 12234



## Premye Pati

### ESPLIKASYON

Gen 35 kesyon nan Premye Pati egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons pou chwazi pam yo; repons yo make depi A pou rive D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy apa kote pou ekri repons lan, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo. Nwasi ti sèk ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou ou make repons ou yo sou fèy la.

**Li egzanp ki la a:**

#### Egzanp

Ki vil ki kapital Eta New York?

- (A) Utica
- (B) Albany
- (C) Vil New York
- (D) Buffalo

Repons ki kòrèk lan se **Albany** ki kote lèt **B** a. Sou fèy pou make repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanp lan. Kòm se chwa **B** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanp lan, se ti sèk ki gen lèt **B** a ki nwasi.

Reponn tout 35 kesyon yo ki nan Premye Pati nan egzamen an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons efase l byen efase. Ou gen dwa pa ka reponn kèk kesyon, men, fè sa w kapab pou chak kesyon.

Lè ou fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a.

## Premye Pati

**Reponn tout kesyon nan pati sa a.**


- 1** Lang, koutim ak kwayans yon gwoup moun pataje fè pati  
(A) ekonomi li (C) kilti li  
(B) anviwonnanman li (D) gouvènman li

**2** Pandan milye lane, moun te fè pase valè yo, lide yo ak tradisyon yo nan  
(A) radyo ak televizyon (C) liv ak fim yo  
(B) jounal yo ak magazin yo (D) lejann yo ak kont yo

**3** Etazini ak Meksik, toulède nan kontinan  
(A) Amerikdinò (C) Lafrik  
(B) Amerikdisid (D) Lewòp

**4** Ki non yo bay etid ki fêt sou klima, fòm tè, mas dlo, ak resous natirèl yon kote espesifik?  
(A) sivik (C) ekonomi  
(B) jewografi (D) istwa

Sèvi ak kat zòn klima anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn késyon 5 ak 6 yo.



Sous: Stephanie A. Hirsh, ed., *The United States: Its History and Neighbors*,  
Harcourt Brace Jovanovich, 1988 (adapte)

**5** Nan ki pati nan lemonn w ap jwenn tanperati ki pi frèt la?

- (A) ant twopik Kansè ak ekwatè
- (B) ant Sèk Antatik la ak Pòl Sid la
- (C) ant Sèk Atik la ak twopik Kansè
- (D) ant ekwatè ak twopik Kaprikòn

**6** Nan ki zòn klima Etazini kontinantal sitiye?

- |                          |                           |
|--------------------------|---------------------------|
| (A) latitud mwayen nò yo | (C) latitud wo sid yo     |
| (B) latitud ba nò yo     | (D) latitud mwayen sid yo |

Sèvi ak desen yo ak enfòmasyon ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 la.

**Dejene Jessica**



kantaloup ki soti  
Gwatemala



Kònflèks ak lèt  
ki soti Etazini



Chokola ki  
soti Gana



Fig ki soti  
an Ekwatè

- 7** Manje ki nan dejene Jessica a montre moun nan kominote li a
- (A) depann sou lòt kominote nan lemonn yo pou satisfè nesesite yo ak bezwen yo
  - (B) souvan viv ak moun ki nan lòt gwoup kiltirèl
  - (C) depann de pwodwi lokal
  - (D) gen plizyè koutim ak tradisyon diferan
- 

- 8** Lajan yo peye yon travayè rele
- (A) takṣ
  - (B) salè
  - (C) pri
  - (D) echanj
- 9** Ofisyèl ki eli an chaj pou jere yon vil rele
- (A) dichès
  - (B) gouvènè
  - (C) mè
  - (D) premye minis
- 10** Gouvènman lokal yo enpòtan paske yo pran desizyon pou
- (A) kominote a
  - (B) eta a
  - (C) nasyon an
  - (D) lemonn

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 la.



Sous: James A. Banks, et al., *New York: Adventures in Time and Place*, Macmillan/McGraw-Hill, 1998  
(adapte)

- 11** Kòm manm Konsèy Minisipal vilaj Iwokwa yo (Haudenosaunee), manm vilaj yo gen dwa
- (A) nonmen lidè konsèy minisipal yo      (C) fè plan pou konsèy Minisipal la  
 (B) pran desizyon yo                                (D) pale nan reyinyon Konsèy Minisipal yo.
- 
- 12** Ewopeyen yo, ladan yo Verrazano ak Cartier, te eksplore Amerikdinò paske yo t ap eseye
- (A) reklame tè pou Langletè  
 (B) chèche konnen ki moun ki t ap viv la  
 (C) jwenn yon wout komèsyal pi kout pou ale Lazi  
 (D) fè komès ak Endyen Ameriken yo

**13** Premye vilaj Iwokwa yo (Haudenosaunee) te toujou sitiye tou pre

- |                 |               |
|-----------------|---------------|
| (A) ti rivyè yo | (C) montay yo |
| (B) dezè yo     | (D) oseyan yo |

**14** Nan ki kalite kay premye Iwokwa yo (Haudenosaunee) te rete pi plis?

- |           |              |
|-----------|--------------|
| (A) iglou | (C) kabin    |
| (B) tant  | (D) kay long |

**15** Ki tèm yo defini tankou yon aranjman yon lot peyi ap dirije?

- |           |            |
|-----------|------------|
| (A) eta   | (C) rejyon |
| (B) vilaj | (D) koloni |


**16** Ki moun ki te ekri plis nan Deklarasyon Endependans la, ki te yon lidè politik pandan Revolisyon an, epi apre te vin prezidan Etazini?

- |                       |                     |
|-----------------------|---------------------|
| (A) Benjamin Franklin | (C) Patrick Henry   |
| (B) Thomas Jefferson  | (D) Abraham Lincoln |

**17** Ki rezon prensipal ki fè te genyen anpil Afriken nan premye koloni yo?

- (A) Yo te fose yo vin nan Lamerik kòm esklav.
- (B) Yo te vle tè pou plante yo pat jwenn nan Lafrik.
- (C) Yo t ap chèche libète relijiyon nan Lamerik.
- (D) Yo te vle viv yon kote ki te gen demokrasi.

Sèvi ak graf anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 18 ak 19 yo.






# ALE NAN LÒT PAJ LA ➔

Sèvi ak tablo kwonolojik ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 ak 21 yo.



Sous: Robert M. Goldberg, *New York State History*, Globe Book Company (adapté)

**20** Nan ki lane Leta New York te adopte konstitisyon li?



**21** Dapre enfòmasyon tablo kwonolojik la bay , ki deklarasyon ki vre?

- (A) Deklarasyon Endepandans la te siyen anvan Lagè Revolisyon an te kòmanse.
  - (B) Deklarasyon sou Dwa Moun te fè pati premye Konstitisyon Etazini a.
  - (C) Ameriken ak Angle yo te siyen trete lapè pou fini ak Lagè Revolisyon an anvan Konstitisyon an te ekri .
  - (D) Atik Konfederasyon yo ak Konstitisyon yo te apwouve nan menm lane.

**22** Kisa ki sèl fason pou ede konsève resous New York yo?

- (A) kondwi yon machin olye pou mache
- (B) lave yon machin chak jou
- (C) etenn limyè a lè w ap sòti nan yon chanm
- (D) sèvi ak è kondisyone yo lè jou chalè yo

**23** Poukisa Kanal Erie a te enpòtan pou Etazini?

- (A) Li te konekte Gran Lak yo ak Rivyè Sen Loran.
- (B) Li te bay imigran yo yon wout ki pi fasil pou ale Vil New York.
- (C) Li te jwenn sipò gouvènè De Witt Clinton.
- (D) Li te bay yon fason pi fasil, pi rapid epi pi dirèk pou transpòte machandiz yo.

**24** Nan ki lòd, sòti pi ansyen pou rive pi nouvo, transpòtasyon nan New York te devlope?

- (A) bato ak vapè → otomobil → tren → avyon
- (B) bato ak vapè → tren → otomobil → avyon
- (C) tren → bato ak vapè → avyon → otomobil
- (D) otomobil → bato ak vapè → avyon → tren

**25** Kisa ba ki nan drapo ameriken an senbolize?


- |                         |                         |
|-------------------------|-------------------------|
| (A) fòs ak karaktè      | (C) 13 premye koloni yo |
| (B) onètete ak angajman | (D) mwa yo nan lane a   |

**26** Ki jou espesyalman Etazini onore solda yo ki te mouri pou peyi yo pandan lagè?

- |                     |                                 |
|---------------------|---------------------------------|
| (A) Jou Memoryal    | (C) Jou Travay                  |
| (B) Jou Endepandans | (D) Jou Martin Luther King, Jr. |



Sèvi ak kat lemonn ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn késyon 31 an.




### 31 Ki de kontinan ki nan Sid ekwatè a nèt?

- |                        |                          |
|------------------------|--------------------------|
| (A) Lewòp ak Lafrik    | (C) Lostrali ak Lantatik |
| (B) Lafrik ak Lostrali | (D) Lazi ak Amerikdisid  |
- 

**ALE NAN LÒT PAJ LA ➔**

Sèvi ak graf ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 32 ak 33 yo.




Sous: James A. Banks, et al., *United States: Adventures in Time and Place*, Macmillan/McGraw-Hill (adapté)

- 32** Nan ki lane popilasyon trèz koloni yo te rive 450,000?  
(A) 1680 (C) 1720  
(B) 1700 (D) 1760

**33** Pandan ki peryòd ven tan kantite moun nan trèz koloni yo te ogmante pi plis?  
(A) 1680–1700 (C) 1720–1740  
(B) 1700–1720 (D) 1740–1760

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 34 la.



Sous: Rebecca Steffoff, *Celebrate the States: Washington*, Benchmark Books, 1999 (adapte)

### 34 Enfòmasyon nan kat sa a bay plis enfòmasyon sou

- |                       |                |
|-----------------------|----------------|
| (A) fòm tè ak latitud | (C) elevasyon  |
| (B) pwodwi ak resous  | (D) popilasyon |
- 

**ALE NAN LÒT PAJ LA** ↗

Sèvi ak tèks ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 35 la.

... Konstitisyon Etazini a kapab chanje lè yo ajoute nouvo lwa yo rele amannman. Twaka nan eta yo dwe ratifye [apwouve] yon amannman pou li kapab antre nan Konstitisyon an. Dis premye amannman yo rele Deklarasyon Dwa Moun. Moun ta dwe konnen kisa chak amannman vle di. Mwen kwè Deklarasyon Dwa Moun nan gen amannman ki pi enpòtan nan Konstitisyon an. . . .

Sous: James A. Banks, et al., *New York: Adventures in Time and Place*, Macmillan/McGraw Hill, 1998

**35 Ki fraz pamí tout fraz ki nan tèks la ki se yon opinyon?**

- (A) Konstitisyon Etazini a kapab chanje lè yo ajoute nouvo lwa yo rele amannman yo.
  - (B) Twaka nan eta yo dwe ratifye yon amannman pou li kapab antre nan Konstitisyon an.
  - (C) Dis premye amannman yo rele Deklarasyon Dwa Moun.
  - (D) Mwen kwè Deklarasyon Dwa Moun nan gen amannman ki pi enpòtan nan Konstitisyon an.
- 

**FOR TEACHER USE ONLY**


**Part I Score** \_\_\_\_\_

**Maximum Score is 35**

## Dezyèm Pati

*Eksplikasyon:* Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan espas yo ba ou nan ti liv egzamen sa a.

Sèvi ak graf anba a, ki montre kòman yon fanmi sèvi ak lajan yo travay fè pou achte pwodwi yo bezwen, epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 jiska 3 yo.



- 1 Pou ki bagay fanmi an depanse plis nan lajan yo? [1]

Score

- 2 Nonmen **twa** bagay ki, lè yo mete yo ansanm, pran plis pase mwatye lajan fanmi an. [1]

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Score

- 3 Tout moun gen bezwen debaz. Idantifye **twa** bezwen debaz nan graf an sèk la. [3]


a \_\_\_\_\_

b \_\_\_\_\_

c \_\_\_\_\_

Score

Sèvi ak kat an griy yo montre ou anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 jiska 7 yo.



- 4 Nonmen **de ri** yo ki kwaze [rankontre] nan seksyon A-1 a. [1]

AK \_\_\_\_\_

Score

- 5 Sèvi ak lèt yo epi **ak** nimewo yo nan kat an griy la , pou montre seksyon kote lopital la ye. [1]

Score

- 6** Ki direksyon yon moun ta dwe pran pou sòti nan Lekòl Elemantè Washington nan pou ale nan Lekòl Segondè Jefferson nan? [1]

Score


- 7** Pandan wap sèvi ak wout ki pi kout la, nan ki de ri yon moun ta dwe ale pou **sòti** nan Acme Sipèmakèt pou **rive** nan ti gwooup magazen yo? [1]

SÒTI \_\_\_\_\_ RIVE \_\_\_\_\_  
Score

**ALE NAN LÒT PAJ LA ➔**

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 8 jiska 10 yo.

### Antant Olandè ak Angle, 1650



Sous: James A. Banks, et al., *New York: Adventures in Time and Place*, Macmillan/McGraw-Hill (adapte)

8 Akote ki rivyè Olandè yo te konstwi koloni yo? [1]

Score


9 Anviwon konbyen kilomèt ki separe Boston ak Plymouth? [1]

Score

10 Bay **yon** gwo rezon ki fè premye koloni sa yo te sou dlo oubyen tou pre dlo. [1]

Score

Sèvi ak desen ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 jiska 13 yo.



Sous: Library of Congress (adapte)

Pitit Libète yo, yon gwoup patriyòt, ki ap leve kanpe kont sa yo panse ki se enpo ki pa legal, mete goudwon ak plim bêt sou yon kolèktè enpo Anglè.

**11** Ki peyi kolektè taks la reprezante ? [1]

---

Score

**12** Poukisa Pitit Libète yo te mete goudwon ak plim bêt sou kolektè taks la? [1]

---

---

Score

**13** Aksyon Pitit Libète yo ak lòt patriyòt yo te fè yo te ede mennen ki lagè? [1]

---

Score

**FOR TEACHER USE ONLY**

**Part II Score \_\_\_\_\_**

**Maximum Score is 15**



